



EKSPLIKASYON POU RANPLI APLIKASYON NAN ETA NEW YORK POU

- **ASISTANS PIBLIK**
- **GADRI ALAPLAS ASISTANS PIBLIK**
- **ASISTANS NITRISYON SIPLEMANTÈ
PWOGRAM**
- **MEDICAID AK ASISTANS NITRISYON
SIPLEMANTÈ PWOGRAM ASISTANS**
- **MEDICAID AK ASISTANS PIBLIK**
- **SÈVIS, ANKONTAN AKÈY FAMILYAL**
- **ASISTANS GADRI**
- **ASISTANS POU IJANS SÈLMAN**

Si ou avèg oswa ou gen pwoblèm vizyon grav e ou bezwen yon aplikasyon oswa eksplikasyon sa yo nan yon lòt fòm, ou ka mande yo nan distri sèvis sosyal ou (SSD, Social Services District). Lòt fòm ki annapre la yo disponib:

- Gwo karaktè
- Fòm done (yon fichye elektwonik ekran ki aksesib pou lektè a)
- Fòm odyo (yon transkripsyon odyo sou eksplikasyon yo oswa kesyon aplikasyon yo)
- Braille, si ou deklare okenn nan lòt fòm yo p ap bon pou ou menm jan

Aplikasyon yo ansanm ak eksplikasyon yo disponib tou pou telechaje an gwo karaktè, fòm done ak fòm odyo nan www.otda.ny.gov or www.health.ny.gov. Tanpri n ap fè remake ke fòm aplikasyon yo disponib nan fòm odyo ak Braille enfòmasyon sèlman. Pou aplike, ou dwe soumèt yon fòm aplikasyon alekri, ki pa lòt fòm yo.

Si ou gen nenpòt andikap ki anpeche ou ranpli aplikasyon sa a ak/oswa ki anpeche ou rete tann pou fè entèvyou, tanpri fè CSEU konnen sa. SSD a pral fè tout efò pou bay yon aranjman rezonab pou satisfè bezwen ou.

Si ou bezwen yon lòt aranjman oswa si ou bezwen lòt èd pou ranpli aplikasyon sa a, tanpri kontakte SSD ou. Nou pran angajman pou ede w ak ba w sipò nan yon fason pwofesyonèl epi avèk respè.

KONSÈY POU RANPLI APLIKASYON AN

Chak fwa ou wè “Asistans Piblik” oswa “PA” nan aplikasyon an, sa vle di “Asistans pou Fanmi” ak/oswa “Asistans Safety Net.” Nou rele toude pwogram yo “Asistans Piblik.” PA ak lòt pwogram kote ou ka aplike avèk aplikasyon sa a te kreye pou bay èd tanporè pou moun ki nan nesosite. Sèten pwogram limite kantite tan ou ka jwenn èd, kidonk li enpòtan pou ou pou w vin endepandan byen vit nan mezi ou kapab. SSD a la pou ede w rive nan endepandans. Pou nou fè sa, nou dwe konnen ki moun ou ye ak kisa ou bezwen. Se pou rezon sa ou dwe ranpli yon aplikasyon.

Nan kad pwosesis aplikasyon an, SSD a pral mande pou w bay epi verifye enfòmasyon sou oumenm ak lòt moun ke w ap aplike pou yo. Gen yon lis dokiman obligatwa, ke w ka jwenn nan fen eksplikasyon sa yo, ki montre ki kalite enfòmasyon ou ka dwe bay ak ki kalite dokiman ki ka verifye enfòmasyon sa yo. Pa egzanp, pou pwouve ki moun ou ye, ou ka bay idantifikasyon ki gen foto, yon lisans chofè, yon paspò Ameriken, yon sètifika natiralizasyon, dosye lopital oswa doktè, oubyen papye adopsyon. Anplisdesa, SSD a ka fè entèvyou avèk ou kòm yon pati nan pwosesis aplikasyon an. SSD a ka fè entèvyou yo fè yon sèl pou plizyè pwogram lè sa posib.

Pou ede w, aplikasyon an ak eksplikasyon sa yo nimewote pa seksyon. Tanpri kenbe sa ki annapre la yo nan tèt ou lè w ap ranpli aplikasyon an:

- **TANPRI EKRI AKLÈ AN LÈT DETACHE.**
- **PA EKRI NAN ZÒN FONSE YO.**
- **ASIRE OU RANPLI CHAK SEKSYON KI GEN RAPÒ AK MOUN NAN(YO) W AP W AP APLIKE POU LI(YO) A.**
- **TOUJOU SÈVI AK NON LEGAL, SÒF SI YO DI W POU FÈ YON LÒT JAN.**
- **SI W AP APLIKE KÒM REPREZANTAN YON MOUN, TANPRI BAY ENFÒMASYON SOU MOUN NAN, PA BAY ENFÒMASYON SOU PWOP TÈT OU. ASIRE NI OUMENM, NI MOUN W AP REPREZANTE A, NOU TOUDE SIYEN DÈNYE PAJ LA NAN APLIKASYON AN.**
- **SI OU PA FIN SÈTEN SOU FASON POU RANPLI NENPÒT PATI NAN APLIKASYON SA A, MANDE SSD OU A POU L EDE W.**

Anplisde LDSS-2921: "Aplikasyon Eta New York pou Sèten Benefis ak Sèvis," asire w ke ou gen kopi tiliv enfòmasyon annapre la yo, ki disponib nan SSD a oswa nan www.otda.ny.gov:

- **LDSS-4148A-HA: "Liv 1: Sa W Dwe Konnen Sou Dwa W Ak Responsablite W"**
- **LDSS-4148B-HA: "Liv 2: Sa Ou Dwe Konnen Konsènan Pwogram Sèvis Sosyal yo"**
- **Konpleman Liv 1, LDSS-4148A-HA ak Liv 2, LDSS-4148B-HA: "Chanjman enpòtan nan Pwogram Medicaid"**
- **LDSS-4148C-HA: "Liv 3: Sa W Dwe Konnen Lè W Gen Yon Ijans"**

PAJ KOUVÈTI APLIKASYON AN

Si ou avèg oswa ou gen pwoblèm vizyon grav, ou ka chwazi pou resevwa avi konsènan pwogram(yo) w ap aplike/enskri pou yo a nan yon lòt fòm. Gen lòt fòm ki disponib nan gwo karaktè, CD done, CD Odyo oswa Braille, si ou deklare okenn nan lòt fòm yo p ap bon pou ou menm jan.

SI OU AVÈG OSWA OU GEN PWOBLÈM VIZYON GRAV, ÈSKE OU TA VLE RESEVWA AVI ALEKRI NAN YON Lòt FÒMA? Si ou avèg oswa ou gen pwoblèm vizyon grav, tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si wi ou non ou ta vle resevwa nan yon lòt fòm avi konsènan pwogram lan(yo) w ap aplike/enskri pou li(yo) a.

SI SE WI, TCHEKE KI KALITE FÒMA OU TA VLE: Si ou avèg oswa ou gen pwoblèm vizyon grav epi ou ta vle resevwa nan yon lòt fòm avi konsènan pwogram lan(yo) w ap aplike/enskri pou li(yo) a, tcheke (✓) ki kalite fòm ou prefere: gwo karaktè, CD done, CD odyo oswa Braille. Braille disponib nan yon lòt fòm si ou deklare okenn nan lòt fòm yo p ap bon pou ou menm jan.

Si ou bezwen yon lòt aranjman oswa si ou bezwen lòt èd pou ranpli aplikasyon sa a, tanpri kontakte SSD ou.

PAJ 1 NAN APLIKASYON AN

SEKSYON 1: TCHEKE CHAK PWOGRAM KE OUMENM OSWA NENPÒT MOUN NAN KAY LA AP APLIKE POU LI

Tcheke (✓) ti kare a pou chak pwogram ke oumenm oswa nenpòt moun nan kay la vle aplike pou li.

Medicaid gen ladan Pwogram Medicaid la, Medicaid Buy-In pou Moun k ap Travay ki Andikape, ak pwogram Benefis Planin Familyal. Lè ou wè "MA" sou aplikasyon an, li vle di "Medicaid," ke yo te rele anvansa "Asistans Medikal." Ou ka sèvi avèk aplikasyon sa a pou aplike pou MA sèlman si w ap aplike anmenmtan tou pou Asistans Piblik (PA) oswa pou Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP). Si ou vle aplike pou Medicaid ak SNAP, tcheke (✓) ti kare "Medicaid (MA) ak SNAP" la. Si ou vle aplike pou Medicaid ak PA, tcheke (✓) ti kare "Medicaid (MA) ak PA" a.

Si w ta vle aplike pou MA sèlman, ou ka ale sou entènèt nan <https://nystateofhealth.ny.gov/> ak/oswa rele 1-855-355-5777 pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou aplike, osinon ou ka sèvi ak aplikasyon sou pape pou MA-sèlman an, Fòm DOH-4220, ke travayè sosyal ou ka ba ou, oswa rele liy ki bay èd pou MA nan 1-800-541-2831. Si ou vle aplike pou Pwogram Epay Medicare sèlman (MSP, Medicare Savings Program), ou dwe aplike ak Fòm DOH-4328, ke travayè sosyal ou an ka fè ou jwenn. Si ou gen yon bezwen touswit pou sèvis swen pèsònèl, ou dwe sèvi avèk fòm aplikasyon DOH-4220 MA pou w aplike pou MA apa.

Si ou kalifye pou Asistans Piblik, men ou deside ou bezwen Asistans Gadri sèlman, tcheke (✓) ti kare "Gadri alapas PA." Si ou chanje lide epi ou deside ou bezwen Asistans Piblik, ou ka aplike pou pwogram sa a nenpòt kilè.

Si ou tcheke (✓) ti kare "Asistans pou Ijans Sèlman (EMRG)", w ap di ke w ap aplike pou yon peman ijans pou yon-fwa-sèlman epi yo pa pral chèche wè si gen kalifikasyon pou ankenn lòt pwogram.

SEKSYON 2

KI LANG NATIFNATAL OU? Tcheke (✓) ti kare "Anglè," oswa "Panyòl," oswa "Lòt" pou endike ki lang ou itilize pi souvan. Si ou tcheke (✓) nan ti kare "Lòt" la, ekri lang ou pi pito a.

ÈSKE OU VLE RESEVWA AVI YO AN: Ou pral resevwa avi konsènan pwogram w ap aplike/enskri pou yo a. Tcheke (✓) ti kare "Anglè Sèlman" oswa "Anglè ak Panyòl" pou endike nan ki lang ou ta renmen resevwa avi sa yo.

SEKSYON 3: ENFÒMASYON APLIKAN

NON: Ekri non legal ou, ki gen ladan prenon ou, inisyal dezyèm prenon ou (M.I.), ak non fanmi ou.

ETA CIVIL: Ekri si nan moman kounye a ou selibatè, marye, vèf/vèv, separe legalman oswa divòse. Si w te marye deja, ekri eta sivil apwopriye a an ak lèt detache, pa ekri "selibatè."

NIMEWO TELEFÒN: Ekri nimewo telefòn kote yo ka jwenn ou pi fasil. Mete areyakòd ou tou.

ADRÈS REZIDANSYÈL: **Adrès Ri:** Ekri nimewo kay la oubyen bilding lan, ri a, avni, wout, elatriye kote ou abite a.

Nimewo No.: Ekri nimewo apatman ou, si sa aplikab.

Vil: Ekri non vil kote w ap viv la.

Konte: Ekri non konte kote w ap viv la.

Eta: Ekri non eta kote w ap viv la.

Kòd postal: Ekri kòd postal adrès ou.

NAN ADRÈS KI MOUN: Si yon lòt moun resevwa lèt ou pou ou, ekri non moun lan.

ADRÈS POSTAL: Si w resevwa lèt ou yon kote lòt ki pa kote w ap viv la, ekri adrès ri a (ak nimewo apatman an, si sa valab) oswa bwat postal, vil, konte, eta, ak kòd postal kote a.

DEPI KONBYEN TAN W AP VIV NAN ADRÈS W ABITE KOUNYE A? Ekri kantite ane ak/oswa mwa depi w ap viv nan adrès w abite kounye a.

ÈSKE SE YON CHÈLTÈ? Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si kote w ap viv la se yon chètè.

YON Lòt TELEFÒN KOTE NOU KAPAB JWENN OU: Ekri yon lòt nimewo telefòn kote nou kapab jwenn ou, si ou gen youn, non moun ki mèt nimewo telefòn nan. Mete areyakòd la ladan.

EKSPLIKASYON POU ADRÈS OU GENYEN KOUNYE A: Ekri eksplikasyon sou fason pou jwenn kay ou. Sèvi ak pwendrepè moun konnen kouraman.

ANSYEN ADRÈS: Ekri adrès kote ou te rete anvan ou demenaje vin rete nan adrès ou ye kounye a.

SI OU SAN KAY, NAN MOMAN KOUNYE A TCHEKE LA A: Si ou pa gen ankenn kote pou w viv/ou pa gen yon adrès, tcheke (✓) ti kare sa a.

AJANS K AP EDE APLIKAN/MOUN POU KONTAKTE A: Si yon moun ap ede ou aplike, ekri non moun lan, ajans moun lan, si li gen youn, ak nimewo telefòn moun nan.

ÈSKE W BEZWEN KENBE SEKRÈ PÒSYON MEDICAID KI NAN APLIKASYON SA A AK POSIBLITE POU RESEVWA NENPÒT PWOTEKSYON MEDICAID? Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike sou aplikasyon an ak/oswa pou di travayè sosyal ou an si ou bezwen kenbe sekre aplikasyon ou ak/oswa kominikasyon ki gen rapò ak resevwa nenpòt pwoteksyon Medicaid.

SEKSYON 4: SI W AP APLIKE POU SNAP

Li deklarasyon ki nan Seksyon 4 aplikasyon an, epi siyen ak mete dat anba deklarasyon an si li konsènen oumenm oswa nenpòt moun w ap aplike pou li. Tanpri kontakte SSD a si ou gen kesyon sou seksyon sa a.

SEKSYON 5: ÈSKE YOUN NAN BAGAY SA YO VALAB POU OU?

Tcheke (✓) chak sityasyon ki konsènen oumenm oswa yon moun w ap aplike pou li.

PAJ 2 NAN APLIKASYON AN**SEKSYON 6: ENFÒMASYON SOU MOUN NAN KAY LA**

NON: Ekri prenon, inisyal dezyèm prenon (M.I.), ak non fanmi tout moun k ap viv avèk ou, menmsi yo p ap aplike. Endike tèt ou anvan.

MOUN SA A AP APLIKE POU: Tcheke (✓) pou ki kalite asistans la(yo) chak moun ap aplike: PA pou Asistans Piblik, SNAP pou Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman, MA pou Medicaid, CC pou Asistans Gadri, FC pou Akèy Familyal, S pou Sèvis (tankou sèvis prevansyon/pwoteksyon pou timoun oswa granmoun), oswa EMRG pou yon Asistans pou Ijans Sèlman.

DAT NESANS: Ekri dat nesans chak moun k ap aplike.

SÈKS ak IDANTITE SEKSYÈL: Eta New York garanti dwa w pou w jwenn aksè a avantaj ak/oswa sèvis Eta a yo kèlkeswa sèks ou, idantite oswa ekspresyon seksyèl ou. Ou dwe rapòte sèks ou ak sèks tout moun ki nan fwaye w kòm gason oswa fanm, menm si ak de nesans ou idantifye sèks ou kòm "X". Tanpri, ekri "M" pou gason oubyen "F" pou fanm, pou koresponn menm jan ak deziyasyon sèks ki nan dosye w aktyèlman la nan Administrasyon Sekirite Sosyal la. Yo bezwen sèks ou rapòte a pou trete aplikasyon w lan. Li p ap ekri sou okenn kat avantaj ou ka resevwa ni l p ap nan okenn lòt dokiman ki destine pou piblik.

Idantite seksyèl se fason ou pèsevwa tèt ou ak kijan ou rele tèt ou. Idantite seksyèl ou ka menm ak sèks yo te ba w lè w te fèt la oswa li ka diferan. Li pa obligatwa pou w mete idantite seksyèl ou nan aplikasyon sa a. Si idantite seksyèl ou oswa idantite seksyèl nenpòt moun ki nan fwaye w diferan de sèks ou rapòte pou moun sa a epi w ta renmen bay idantite seksyèl moun sa a, ekri "Gason", "Fanm", "Non-Binè", "X", "Transeksyèl", oswa "Idantite Diferan" nan espas yo bay la. Ou ka bay enfòmasyon sa a sèlman si w vle. Li p ap afekte elijiblite moun (yo) k ap aplike pou avantaj yo ni kantite avantaj li resevwa.

SA MOUN NAN YE POU OU: Pou chak moun, ekri kisa moun nan ye pou ou (pa egzanp: mari oswa madanm, pitit gason, timoun akèy, zanmi, kolokatè, pansyonè, elatriye).

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL MOUN NAN KAY OU K AP APLIKE: Ekri Nimewo Sekirite Sosyal chak moun k ap aplike sof si moun nan se:

- Yon fanm ansent k ap aplike pou Medicaid sèlman;
- Yon moun ki pa-sitwayen k ap aplike sèlman pou Medicaid oswa benefis akòz yon pwoblèm medikal dijans;
- Yon adilt k ap aplike sèlman pou sèvis pwoteksyon granmoun; oswa
- Ap aplike sèlman pou Asistans Gadri. Si moun nan ap aplike pou Asistans Gadri ak sèvis prevansyon oswa alapas Asistans Piblik, ekri nimewo Sekirite Sosyal moun nan.

Lòt Sèvis, tankou akèy familyal, sèvis pwoteksyon timoun, sèvis prevansyon timoun, ak konsèy, yo resevwa finansman nan divès kalite sous, epi anpil nan sous sa yo mande pou bay yon nimewo Sekirite

Sosyal. Menmsi yo pa mande pou aplikan bay yon nimewo Sekirite Sosyal pou kèk Sèvis, Sèvis sa yo gendwa pa disponib si ou pa bay yon nimewo Sekirite Sosyal. Kidonk, n ap mande tout aplikan yon nimewo Sekirite Sosyal pou Sèvis sa yo, nan lide pou ede yo jwenn tout benefis yo gendwa kalifye pou jwenn.

PI GWO KLAS LI FÈ: Pou chak moun k ap aplike, mete ki pi gwo klas (1 jiska 12) li fè. Si se plis pase 12 ane, mete 13. Si li pase ankenn lekòl ofisyèl, mete 0. Si w ap aplike pou Sèvis sèlman, ou pa bezwen reponn kesyon sa a.

ÈSKE MOUN SA (TIMOUN MINÈ LADAN TOU) ACHE OSWA FÈ MANJE ANSANM AVÈK OU ? Li enpòtan pou tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou kesyon sa a pou chak moun k ap viv avèk ou, keseswa y ap aplike oswa yo pa ap aplike. Pafwa, moun ki achte ak prepare manje apa ka jwenn plis benefis SNAP.

TANPRI FÈ LIS NON JENN FI OSWA LÒT NON YO RELE OUMENM OSWA NENPÒT MOUN NAN KAY OU: Ekri nenpòt non jenn fi, non ki soti nan yon maryaj anvan, oswa lòt non ke nenpòt moun ki site nan seksyon sa a itilize. Mete ladan prenon, inisyal dezyèm prenon ou (M.I.), ak non fanmi.

PAJ 3 NAN APLIKASYON AN

SEKSYON 7: RAS/GWOUP ETNIK

Ranpli seksyon sa a pou chak moun k ap aplike. Mete "Y" pou "WI" oswa "N" pou "NON" nan kolòn ki make "H" la pou endike si moun nan se Ispanik ak/oswa Latino. Mete "Y" pou "WI" oswa "N" pou "NON" nan chak kolòn ras yo pou endike sityasyon ras chak moun:

- H = Ispanik oswa Latino
- I = Endyen Ameriken oswa Natif Natal Alaska
- A = Azyatik
- B = Nwa oswa Afriken Ameriken
- P = Natif Natal Awayi oswa Zile Pasifik
- W = Blan
- U = Enkoni

Ou bay enfòmasyon sa si ou vle. Li pa pral gen efè sou kalifikasyon moun k ap aplike (yo) ni sou nivo benefis yo resevwa. Rezon ki fè yo mande enfòmasyon sa yo se pou asire pwogram benefis yo distribiye san yo pa konsidere ras, koulè, oubyen orijin nasyonal.

PAJ 4 NAN APLIKASYON AN

SEKSYON 8: SITWAYEN/ BON KONDISYON IMIGRASYON KI PA-SITWAYEN

Ranpli seksyon sa a pou chak moun k ap aplike pou nenpòt nan pwogram annapre la yo:

- Asistans Gadri;
- Akèy Familyal; oswa
- Lòt Sèvis.

Anplisdesa, si oumenm oswa nenpòt moun lakay ou ap aplike pou Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP), ou dwe site tout moun nan kay la, menmsi yo p ap aplike pou SNAP. Ou dwe site tou tout frè ak sè, ak paran k ap viv avèk nenpòt timoun k ap aplike pou Asistans Piblik (PA). Si w ap aplike pou Asistans Gadri oswa Akèy Familyal sèlman, ranpli seksyon sa a sèlman pou timoun yo ki bezwen gadri oswa akèy familyal la. Si ou pa ranpli seksyon sa a pou yon moun k ap aplike, moun nan gendwa pa resevwa asistans.

NON: Ekri prenon, inisyal dezyèm prenon (MI), ak non fanmi chak moun k ap aplike oswa ke ou oblije site.

POU CHAK MOUN, TCHEKE SWA "SITWAYEN/RESÒTISAN" OUBYEN "PA-SITWAYEN": Bòkote non chak moun, tcheke (✓) swa ti kare "SITWAYEN/RESÒTISAN" an pou endike ke moun nan se yon sitwayen ameriken, Endyen Ameriken Natif Natal, oubyen resòtisan, oswa ti kare "PA-SITWAYEN" an pou endike ke moun nan pa yon sitwayen ameriken, Endyen Ameriken Natif Natal, oswa resòtisan.

NIMEWO USCIS (NIMEWO ANREJISTREMAN ETRANJE) OSWA NIMEWO PA-SITWAYEN: Mete Nimewo Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon (USCIS) moun nan oswa nimewo pa-sitwayen moun nan, si li aplikab.

SEKSYON 9: SÈTIFIKASYON

Li avèk atansyon deklarasyon ki anba nan seksyon sa a, apresya, siyen ak mete dat sètifikasyon an pou konfime sitwayènte oswa bon kondisyon imigrasyon ki pa sitwayen ameriken pou chak moun k ap aplike pou nenpòt nan pwogram annapre la yo. (Si w ap aplike pou Asistans Gadri oswa Akèy Familyal sèlman, ranpli seksyon sa a sèlman pou timoun yo ki bezwen gadri oswa akèy familyal la.) Si nenpòt moun k ap aplike pa yon sitwayen ameriken, Endyen Ameriken Natif Natal, oswa resòtisan, tcheke (✓) pwogram yo moun nan ap aplike pou li a, epi li gen bon kondisyon imigrasyon ki pa-sitwayen:

- Asistans Piblik (PA);
- Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP);
- Medicaid (MA), sof si moun k ap aplike a ansent;
- Asistans Gadri (CC);
- Akèy Familyal (FC)
- Lòt Sèvis (S); ak/oswa
- Asistans pou Ijans (EMRG).

"Bon kondisyon ki pa-sitwayen" vle di sitiyaasyon moun ki pa-sitwayen ki pa fè moun nan pa-kalifye pou benefis nan yon sèten pwogram. Tanpri n ap fè remake ke divès pwogram gen kondisyon ki diferan pou sitiyaasyon pa-sitwayen an. LDSS-4148B, "Liv 2: Sa Ou Dwe Konnen Konsènan Pwogram Sèvis Sosyal yo," gen plis enfòmasyon konsènan bon sitiyaasyon ki pa-sitwayen. Ou ka kontakte SSD ou tou pou jwenn plis enfòmasyon.

Nenpòt moun adilt nan kay la oswa reprezantan otorize ka siyen sètifikasyon an pou tout moun nan kay la k ap aplike. Pa egzanp, yon paran ki pa gen sitwayènte ameriken oswa ki pa nan bon kondisyon ki pa-sitwayen ka siyen sètifikasyon an pou yon timoun ki gen sitwayènte ameriken oswa ki nan bon kondisyon ki pa-sitwayen. Si yon moun nan kay la k ap aplike poko gen 18 tan (oswa li gen 18 tan oswa piplis men li pa gen kapasite pou siyen poukont li akòz yon pwoblèm medikal oswa andikap), yon moun nan kay la ki gen 18 tan oswa piplis dwe siyen pou li. Lè w ap siyen pou yon lòt moun nan kay la, siyen pwòp non pa ou. Pa egzanp lè l ap siyen pou tibebe Johnny Doe, Mary Doe dwe siyen "Mari Doe."

Poutèt ou tcheke yon ti kare epi ou siyen sètifikasyon an, sa vle di ou sètifye, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, ke oumenm ak/oswa moun w ap siyen pou li (yo) a, li (yo) se sitwayen ameriken, Endyen Ameriken Natif Natal, resòtisan, oswa nou gen bon kondisyon imigrasyon ki pa-sitwayen, pou chak pwogram oumenm/yomenm ap aplike ladan. Si ou pa tcheke youn nan ti kare yo, oswa ou pa bay yon nimewo Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken (USCIS) pou yon moun k ap aplike ki pa-sitwayen, moun sa a gendwa pa resevwa asistans.

Ou pa dwe siyen sètifikasyon an pou tèt pa ou oswa pou nenpòt lòt moun ki pa yon sitwayen ameriken, Endyen Ameriken Natif Natal, oswa resòtisan, oubyen ki pa gen bon kondisyon imigrasyon ki pa-sitwayen. Moun ki pa-sitwayen ki pa nan bon kondisyon imigrasyon pa kalifye pou benefis PA, SNAP, oswa Medicaid (aleksepsyon Medicaid pou yon moun ansent oswa tretman yon pwoblèm medikal dijans). Moun sa yo gendwa pa kalifye tou pou sèten Sèvis.

Nou ka soumèt enfòmasyon ou ban nou yo ba USCIS pou konfime sityasyon pa-sitwayen ameriken pou nenpòt oswa pou tout moun nan kay la k ap aplike pou benefis PA, SNAP, Medicaid, oswa Sèvis.

Enfòmasyon nou resevwa nan men USCIS ka gen efè sou kalifikasyon moun lakay ou ak sou nivo benefis yo.

PAJ 5 NAN APLIKASYON AN

SEKSYON 10: ENFÒMASYON KONSÈNAN REFERANS NAN INITE EGZEKISYON SIPÒ TIMOUN

Ou pa bezwen ranpli seksyon sa a si w ap aplike pou Medicaid sèlman epi ou ansent, ou te akouche nan 60 jou ki sot pase yo, oswa w ap aplike pou timoun ki poko 21, osinon w ap aplike pou asistans gadri sèlman.

1. Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si w ap aplike pou nenpòt moun, tèt ou ladan tou, ki poko genyen 21 ane, ki te fèt ak paran ki pa marye, epi li poko tabli kiyès ki paran legal yo.
2. Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si w ap aplike pou nenpòt moun, tèt ou ladan tou, ki poko genyen 21 ane, epi youn nan paran moun sa omwen p ap viv nan kay la.

Si ou tcheke (✓) "Non" pou toude kesyon sa yo, sote pou w ale nan Seksyon 11. Ou pa bezwen ranpli rès Seksyon 10 la. Si ou tcheke (✓) "Wi" pou youn oubyen nan kesyon sa yo, ou dwe ranpli rès Seksyon 10 la.

- 3 Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si ou poko gen 21 ane.

Li avèk atansyon deklarasyon an apre Kesyon 3 a epi kontakte SSD ou si ou pa konprann li.

NON CHAK MOUN KI POKO GEN 21 ANE: Ekri prenon, dezyèm prenon, non fanmi pou chak moun ou tcheke "Wi" pou li pou Kesyon 1, 2, ak/oswa 3.

NON AK ADRÈS, DAT NESANS, AK NIMEWO SEKIRITE SOSYAL PARAN KI PA GEN GAD LEGAL OSWA MOUN YO DI KI PARAN: Pou chak moun ou te tcheke "Wi" pou li pou Kesyon 1, 2, ak/oswa 3, si w konnen li, ekri prenon, dezyèm prenon ak non fanmi, adrès, dat nesans, ak nimewo Sekirite Sosyal paran ki pa gen gad legal oswa moun yo di ki paran. "Moun yo di ki paran" an se moun ki ka pètèt paran timoun nan, men ki pa te marye ak lòt paran timoun nan anvan timoun nan te fèt epi li poko TABLI KE se li ki paran legal la nan yon pwosè tribinal oubyen pa mwayen yon dokiman kote li deklare se li ki paran legal la.

PAJ 6 NAN APLIKASYON AN

SEKSYON 11: KONDISYON DEKLARASYON TAKS/DEPANDAN

Ekri enfòmasyon annapre la yo pou chak moun k ap viv nan kay la:

PRENON, DEZYÈM PRENON ak NON FANMI: Ekri prenon, inisyal dezyèm prenon ak non fanmi chak moun k ap viv nan kay la.

KONDISYON TAKS: Tcheke (✓) kondisyon deklarasyon taks ki valab pou chak moun ki abite nan kay la.

Tanpri fè lis tout depandan taks ki pa abite viv avèk ou, epi ke oumenm oswa nenpòt moun nan kay ou deklare nan taks. Si ou pa deklare taks, ou ka sote kesyon sa yo.

NON DEPANDAN SOU TAKS: Ekri prenon, inisyal dezyèm prenon ak non fanmi nenpòt moun ki pa abite avèk ou, men ke oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou deklare nan taks kòm depandan.

NON MOUN KI DEKLARE TAKS LA: Pou chak moun ki site kòm depandan sou taks, ekri prenon, inisyal dezyèm prenon ak non fanmi moun ki abite ak ou an ki deklare depandan an.

SEKSYON 12: ENFÒMASYON MARI OSWA MADANM KI ABSAN/MOURI

NON MOUN K AP APLIKE: Ekri non nenpòt moun k ap aplike ki marye/ki te marye, men mari oswa madanm li p ap viv avèk li oswa li mouri.

NON MARI/MADANM: Ekri non mari oswa madanm nenpòt moun k ap aplike ki marye/ki te marye anvansa, epi mari oswa madanm li p ap viv avèk li oswa li mouri.

DAT NESANS MARI OSWA MADANM ak DAT LANMÒ MARI OSWA MADANM, SI SA APLIKAB: Ekri mwa, jou, ak ane nesans, ak lanmò (si sa aplikab), pou mari oswa madanm nenpòt moun k ap aplike ki marye/ki te marye anvansa, epi mari oswa madanm li p ap viv avèk li oswa li mouri.

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL MARI/MADANM: Ekri nimewo Sekirite Sosyal pou mari oswa madanm nenpòt moun k ap aplike ki marye/ki te marye anvansa, epi mari oswa madanm li p ap viv avèk li oswa li mouri.

ADRÈS MARI OSWA MADANM, SI SA APLIKAB: Ekri adrès ri, vil, konte, eta, ak kòd postal mari oswa madanm nenpòt moun k ap aplike ki marye, epi mari oswa madanm li p ap viv avèk li. Si w pa konnen li, ekri dènye adrès ou te konnen pou mari oswa madanm lan.

SEKSYON 13: ENFÒMASYON SOU TIMOUN KI ABSAN

NON MOUN K AP APLIKE: Ekri non nenpòt moun k ap aplike ki gen yon timoun ki poko gen 21 ane ki pa ap viv avèk moun nan.

NON ak DAT NESANS TIMOUN KI ABSAN AN: Ekri non, ak mwa, jou, ane nesans pou nenpòt timoun ki poko gen 21 ane ki pa ap viv avèk yon moun k ap aplike.

ADRÈS TIMOUN NAN: Ekri adrès ri, vil, konte, eta, ak kòd pou nenpòt timoun vivan ki poko gen 21 ane epi ki pa ap viv avèk yon moun k ap aplike.

TABLI KIYÈS KI PARAN LEGAL? Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si yo te tabli kiyès ki paran legal nenpòt timoun ki poko gen 21 ane ki p ap viv avèk yon moun k ap aplike.

ÈSKE W PEYE SIPÒ TIMOUN? Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si nenpòt moun k ap aplike peye sipò timoun pou yon timoun ki poko gen 21 ane ki pa abite avèk li.

SEKSYON 14: ENFÒMASYON PARAN KI TINEDJÈ

Ranpli seksyon sa a sèlman si w ap aplike pou Asistans Piblik.

ÈSKE GEN YON PARAN KI POKO GEN 18 ANE ("PARAN TINEDJÈ") NAN KAY LA? Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si nenpòt moun k ap aplike se yon paran ki poko gen 18 ane.

NON: Ekri non nenpòt moun k ap aplike ki se yon paran ki poko gen 18 ane.

ÈSKE TIMOUN KI GEN PARAN TINEDJÈ A ABITE NAN KAY LA? Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si pitit nenpòt moun ki poko gen 18 ane k ap aplike abite avèk ou.

NON TIMOUN KI GEN PARAN TINEDJÈ A: Ekri non pitit nenpòt moun ki poko gen 18 ane k ap aplike.

PAJ 7 AK 8 NAN APLIKASYON AN

SEKSYON 15: ENFÒMASYON SOU REVNI

ENDIKE SI OUMENM OSWA NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU RESEVWA LAJAN NAN MEN YON MOUN epi KIMOUN: Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou liy 1 jiska 27 pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou resevwa lajan nan nenpòt nan kalite revni yo ki site yo, epi pou chak repons "WI", ekri non moun nan(yo) ki resevwa lajan an.

MONTAN/VALÈ AK KONBYEN FWA: Pou chak repons ki "WI", ekri lajan an dola (\$) oswa valè a, epi pou chak moun ki resevwa revni sa, konbyen fwa nou resevwa revni a. Pa egzanp, si w ap resevwa \$100 nan benefis asirans chomaj chak semèn, ekri "\$100 pa semèn" oswa "\$100/wk."

BENEFIS REVNI SEKIRITE SIPLEMANTÈ (SSI) (TOTAL ETA AK FEDERAL): Si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou resevwa benefis Pwogram Sipleman Eta New York (SSP) anplisde benefis Revni Sekirite Siplemantè (SSI), adisyone montan sa yo epi mete li nan kolòn MONTAN/VALÈ AK KONBYEN FWA pou Benefis SSI sou liy 2. Si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou resevwa benefis SSP sèlman mete montan an nan kolòn MONTAN/VALÈ AK KONBYEN FWA pou Benefis SSI sou liy 2.

PEMAN AKÈY FAMILYAL (KI RESEVWA): Si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou resevwa peman akèy famiyal, mete montan an nan kolòn MONTAN/VALÈ AK KONBYEN FWA pou Peman Akèy Famiyal sou liy 17. Si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou resevwa peman akèy famiyal pou okipe yon timoun oswa granmoun dakèy epi w ap aplike pou benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP), ou gen de chwa: Ou ka chwazi pou mete timoun oswa granmoun dakèk la ak peman akèy famiyal yo nan benefis SNAP ou pou kay la, oswa ou ka chwazi pou pa mete timoun oswa granmoun dakèk la ak peman akèy famiyal yo nan benefis SNAP ou pou kay la. Mande SSD ou kiyès nan chwa yo k ta ba ou plis benefis SNAP.

PEMAN SIPÒ TIMOUN (KI RESEVWA): Si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou resevwa peman sipò timoun, ekri non moun ki peye sipò timoun nan apre "Resevwa nan men" sou liy 18.

LÒT REVNI: Dekri nenpòt lòt lajan ke oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou resevwa, ansanm ak kimoun ki resevwa lajan an, konbyen lajan li resevwa, epi konbyen fwa yo resevwa li.

DEDIKSYON, KIMOUN, epi MONTAN/VALÈ AK KONBYEN FWA: Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou liy 1 jiska 15 pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou pral fè reklamasyon nenpòt nan dediksyon taks federal yo ki site nan deklarasyon taks sou revni pou ane kounye a. Pou chak "WI" repons, ekri non moun nan(yo) ki pral fè reklamasyon dediksyon an(yo), ak montan oswa valè a epi konbyen fwa pou depans la(yo) ke yo pral reklame sou deklarasyon taks sou revni a.

LÒT AJISTEMAN: Dekri nenpòt lòt dediksyon taks federal ke oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou pral reklame sou deklarasyon taks sou revni ane kounye a, ansanm ak kimoun ki pral reklame dediksyon an(yo), ak montan oswa valè epi konbyen fwa pou depans la(yo) ke yo pral reklame sou deklarasyon taks sou revni a.

SEKSYON 16: ENFÒMASYON SOU ESPONNSÒ BOPARAN/BON KONDISYON IMIGRASYON KI PA-SITWAYEN

ÈSKE BOPARAN NENPÒT TIMOUN K AP VIV AVÈK W GEN NENPÒT RESOUS OSWA RESEVWA REVNI NENPÒT KALITE? epi KIMOUN: Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si nenpòt moun k ap

aplike, tèt ou ladan tou, gen yon boparan ki pa ap viv avèk ou epi ki gen resous finansye oubyen ki resevwa lajan nan kenpòt sous. (Si boparan an ap viv avèk ou, ou dwe mete resous/revni boparan an nan Seksyon 15, Enfòmasyon sou Revni.) Si ou reponn "WI," ekri non boparan an.

ÈSKE GEN MOUN NAN KAY OU KI GEN BON KONDISYON IMIGRASYON KI PA-SITWAYEN, EPI YO TE PARENEN LI POU ANTRE OZETAZINI EPI KIMOUN? Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun nan kay ou, nou se moun nan bon kondisyon imigrasyon ki pa-sitwayen, epi yon moun te parenen nou pou antre nan peyi Etazini. Si ou reponn "WI," ekri non moun yo te parenen an.

NON, ADRÈS, AK NIMEWO TELEFÒN ESPONNSÒ A: Si se "WI," ekri non moun ki te parenen oumenm oswa nenpòt moun lakay ou pou antre nan peyi Etazini, adrès esponnsò a, ak nimewo telefòn esponnsò a.

PAJ 9 AK 10 NAN APLIKASYON AN

SEKSYON 17: ENFÒMASYON SOU TRAVAY

Ranpli seksyon sa a pou oumenm ak pou tout moun ki abite avèk ou. Si w ap travay, ou ka kalifye kanmenm pou asistans. Pou seksyon sa a, "laj pou travay" vle di 18 ane oswa pi gran, oswa 16 ane oswa pi gran pou nenpòt moun ki pa ale lekòl.

NAN MOMAN KOUNYE A MWEN: Tcheke (✓) "ap travay," "yon travayè endepandan," oswa "pa ap travay" pou endike si w ap travay, e si w ap travay, èske w ap travay pou tèt pa ou oswa yon lòt moun.

REVNI SAN DEDIKSYON: Mete montan anvan dediksyon ke yo peye w chak semèn, chak de semèn, oswa chak mwa (se pa montan anyèl), si sa aplikab. Mete tout peman pou travay, tout salè, peman ovètaym, komisyon, ak tep.

ÈDTAN TRAVAY CHAK MWA: Mete kantite èdtan ou travay chak mwa, si li aplikab.

TOUCHE: Tcheke (✓) "Chak semèn," "Chak de semèn," oswa "Chak mwa" pou endike konbyen fwa ou touche, si li aplikab.

JOU YO PEYE W NAN SEMÈN NAN: Ekri jou yo peye w nan semèn nan, si li aplikab.

NON AK ADRÈS ak NIMEWO TELEFÒN PATWON: Ekri non, adrès, ak nimewo telefòn patwon ou, si sa aplikab. Ekri "tèt pa ou," ak adrès e nimewo telefòn biznis ou, si ou se yon travayè endepandan.

ÈSKE NENPÒT LÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU AP TRAVAY KOUNYE OSWA LI SE YON TRAVAYÈ ENDEPANDAN epi se KIMOUN: Tcheke (✓) "ap travay" oswa "yon travayè endepandan" si nenpòt moun ki abite avèk ou ap travay, epi ekri non li.

Ranpli **REVNI SAN DEDIKSYON, ÈDTAN TRAVAY CHAK MWA, TOUCHE, JOU YO PEYE NAN SEMÈN NAN,**

NON AK ADRÈS ak NIMEWO TELEFÒN PATWON pou nenpòt moun ki abite avèk ou epi k ap travay, selon eksplikasyon ki anwo yo.

ÈSKE ASIRANS SANTE DISPONIB PA LENTÈMEDYÈ TRAVAY OU? Si w ap travay, tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si ou gen asirans medikal disponib nan travay ou.

ÈSKE NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU GEN ASIRANS SANTE AK YON PATWON? epi se KIMOUN: Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si nenpòt moun ki abite avèk ou gen pwoteksyon medikal ak yon patwon, epi si se "Wi," ekri non moun nan.

NON KONPAYI ASIRANS LA: Ekri non konpayi asirans sante ou ak/oswa konpayi asirans sante nenpòt moun ki abite avèk ou, si sa aplikab.

ÈSKE OUMENM OSWA NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU GEN DEPANS SWEN TIMOUN OSWA DEPANDAN AKÒZ TRAVAY? epi se KIMOUN: Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou gen depans pou gadri oswa pou wen depandan (pa egzanp, pou yon paran granmoun aje) poutèt w ap travay, epi ekri non moun nan ak depans sa yo.

ÈSKE OUMENM OSWA NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU GEN LÒT DEPANS KI GEN RAPÒ AK TRAVAY? epi se KIMOUN: Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou gen nenpòt depans ki gen rapò travay ki (pa egzanp, transpò, inifòm), epi si se "Wi," ekri non ou/li.

SI W P AP TRAVAY, KI DÈNYE FWA OUMENM OSWA NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU TE TRAVAY?, KIMOUN, KILÈ, ak KIKOTE: Si oumenm oswa nenpòt moun ki nan laj pou travay ki abite avèk ou p ap travay, ekri non ou/non li(yo), dat la(yo) ou/li te dènye travay, ak kikote ou/li te dènye travay.

POUKISA OU (OSWA YO) TE SISPAAN TRAVAY? Ekri rezon(yo) ki fè oumenm oswa nenpòt moun ki nan laj pou travay ki abite avèk ou pap travay.

ÈSKE OUMENM OSWA NENPÒT K AP VIV AVÈK OU TE APLIKE POU CHOMAJ?, KIMOUN, KILÈ, ak NAN KI ETA DOSYE A YE: Si oumenm oswa nenpòt moun ki nan laj pou travay ki abite avèk ou pap travay, tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si ou/li te aplike pou chomaj. Si ou reponn "Wi," ekri non ou/li, kilè ou/li te aplike pou chomaj, ak nan ki eta dosye a ye.

ÈSKE OUMENM OSWA NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU AP PATISIPE NAN YON GRÈV? epi se KIMOUN: Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou nan grèv (sa vle di, nou kanpe travay pou pwoteste kont yon desizyon oswa pratik yon patwon an), epi si se "Wi," ekri non ou/li.

KILÈ GRÈV LA TE KÒMANSE: Si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou nan grèv, ekri dat ou/li antre nan grèv la.

ÈSKE OUMENM OSWA NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU SE YON MIGRAN OSINON YON TRAVAYÈ AGRIKÒL SEZONYE? epi se KIMOUN: Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou vwayaje nan divès kalite jaden pou travay oswa travay nan yon jaden pandan sezon rekòt ap grandi sèlman, epi si se "Wi," ekri non ou/li.

ÈSKE OUMENM OSWA NENPÒT LÒT ADILT KI ABITE AVÈK OU GEN NENPÒT PWOBLEM MEDIKAL KI LIMITE KAPASITE POU TRAVAY OSWA KI LIMITE KI KALITE TRAVAY NOU KA FÈ? epi se KIMOUN:

Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki nan laj pou travay ki abite avèk ou gen nenpòt pwoblèm ki anpeche ou/li travay fultaym oswa ki anpeche ou/li fè sèten kalite travay, epi si se "Wi," ekri non ou/li.

DEKRI LIMIT YO: Si oumenm oswa nenpòt moun ki nan laj pou travay ki abite avèk ou gen nenpòt pwoblèm ki anpeche ou/li travay fultaym oswa ki anpeche ou/li fè sèten kalite travay, eksplike nan ki fason ou/li gen limit.

ÈSKE OU TA KAPAB AKSEPTE YON TRAVAY JODI A, epi SI SE NON, POUKISA? Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si ou ta ka pran yon travay jodi a si li ta disponib, epi si se "Non," eksplike poukisa.

KISA KALITE TRAVAY OU TA RENMEN FÈ? Ki kalite travay ou ta renmen fè?

PAJ 11 NAN APLIKASYON AN

SEKSYON 18: EDIKASYON/FÒMASYON

KI PI GWO NIVO OU FIN FÈ NAN EDIKASYON W? Tcheke (✓) deskripsyon ki koresponn pi byen ak kantite edikasyon ou fin fè.

SI GENYEN, KI DÈNYE KLAS OU TE FÈ? Si ou pa te fini lekòl segondè, ekri ki dènye klas ou fin fè.

ÈSKE NENPÒT LÒT MOUN NAN KAY LA GEN YON DIPLÒM LEKÒL SEGONDÈ, DIPLÒM EKIVALANS

JENERAL (GED) OSWA TÈS EVALYASYON FEN SEGONDÈ (TASC™), OSWA PI GWO NIVO NAN EDIKASYON, KIMOUN, KI DIPLÒM LI TE PRAN, ak DAT LI TE FINI: Tcheke (✓)

"Wi" oswa "Non" pou endike si nenpòt moun ki abite avèk ou gen yon diplòm lekòl segondè, diplòm ekivalans jeneral (GED, General Equivalency Diploma) oswa tèst evalyasyon fen segondè (TASC™, Test Assessing Secondary Completion), oswa yon pi gwo nivo nan edikasyon. Si ou reponn "Wi," ekri non moun nan, ki diplòm li te resevwa, ak dat li te resevwa li.

Reponn kesyon annapre la yo pou oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou k ap aplike pou resevwa asistans:

LADAN KOUNYE A OSWA NOU TE NAN KENPÒT PWOGRAM FÒMASYON?, KIMOUN, KIKOTE, KI PWOGRAM, ak DAT NOU TE FÈ LI: Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou k ap aplike pou asistans oswa k ap resevwa asistans te patisipe nan yon pwogram fòmasyon travay, epi si se "Wi," ekri non moun nan, kikote moun nan te ale nan pwogram fòmasyon an, non pwogram nan oswa ki kalite pwogram li te ye, ak dat yo ke moun nan te ale epi te fini pwogram nan.

GEN LAJ 16 ANE OSWA PIPLIS EPI ALE LEKÒL OSWA NAN KOLÈJ?, KIMOUN, epi KIKOTE: Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou k ap aplike pou asistans oswa k ap resevwa asistans gen laj 16 ane oswa piplis epi ale lekòl oswa nan kolèj, epi si se "Wi," ekri non moun nan ak lekòl oswa kolèj li.

POKO GEN LAJ 16 ANE EPI ALE LEKÒL?, KIMOUN, epi KI LEKÒL: Tcheke (✓)

"Wi" oswa "Non" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou k ap aplike pou asistans oswa k ap resevwa asistans poko gen 16 ane, epi si se "Wi," ekri non moun nan(yo) ak lekòl li(yo).

PAJ 12 NAN APLIKASYON AN

SEKSYON 19: ENFÒMASYON SOU RESOUS

Ou pa oblije ranpli seksyon sa a si w ap aplike sèlman pou lòt Sèvis, ki pa Akèy Familyal ak/oswa Asistans Gadri.

Si w ap aplike pou benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè sèlman, ou pa gen pou endike si ou gen asirans-vi.

ENDIKE SI OUMENM OSWA NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU AP APLIKE: Pou liy 1 jiska 23, tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou k ap aplike pou asistans gen nenpòt nan resous finansyè ki site yo.

KIMOUN: Pou chak repons ki "WI", enprime non nan moun nan(yo) ak resous la.

SI SE WI, MONTAN/VALÈ: Pou chak repons ki "WI", ekri kantite lajan an dola (\$) oswa valè resous la. Asire ou site nenpòt sa ou genyen an komen (sètadi resous ki pou de oswa plizyè moun, pa egzanp kont labank an komen). Nenpòt moun k ap aplike pou Asistans Piblik oswa Medicaid dwe mete resous nenpòt fanmi ki responsab sou plan legal. Moun sa yo se moun lalwa egzije pou founi sipò a oumenm oswa a nenpòt moun k ap aplike, tankou yon mari oswa madanm oubyen, si ou poko gen laj 21 ane, nenpòt paran oswa boparan k ap viv avèk oumenm oswa nenpòt moun k ap aplike.

GEN PAPYE OSWA ANREJISTREMAN POU MACHIN AMOTÈ(YO) OSWA LÒT VEYIKIL, ANE, MAK/MODÈL, ak LÒT: Si non pa ou oswa non nenpòt moun ki abite avèk ou k ap aplike make sou papye yon machin oswa lòt machin, ekri ane, mak, ak modèl pou chak machin sou liy 6. Site resous, tankou machin kanping, motonèj, ak bato, apre "Lòt" sou liy 6.

GEN RESOUS KI PA SA YO KI SITE ANWO A: Li enpòtan anpil pou fè SSD ou konnen touswit si ou resevwa oswa ou espere resevwa lajan nan yon montan global. Yon montan lajan global se yon peman yon sèl-fwa, tankou yon regleman asirans, eritaj, oswa lajan nan yon pwosè oubyen gany nan lotri. Gade nan LDSS-4148A-HA, "Liv 1: Sa W Dwe Konnen Sou Dwa W Ak Responsablite W" pou jwenn plis enfòmasyon sou montan lajan ou resevwa yon sèl kou.

ÈSKE NENPÒT MOUN. . . TE JANM YON KREYE YON FIDISI (TRUST) LONTAN OSWA TRANSFERE NENPÒT BYEN NAN YON FIDISI 60 MWA KI SOY PASE YO? Si oumenm oubyen mari oswa madanm ou transfere oswa fè kado nenpòt byen nan lespas 36 mwa (60 mwa pou transfè nan yon fidisi) anvan premye jou nan mwa kote ou resevwa sèvis etablisman swen enfimye, epi ou te soumèt yon aplikasyon pou Medicaid, ou ka pa kalifye pou resevwa sèvis etablisman swen enfimye oubyen sèvis adomisil oswa nan kominote nan Pwogram Medicaid la.

Si oumenm oswa nenpòt moun k ap aplike, oubyen mari oswa madanm ou, oubyen mari oswa madanm nenpòt moun k ap aplike (menmsi mari oswa madanm nan pap aplike oubyen li pap viv nan kay la), te kreye yon fidisi oubyen te mete nenpòt ki lajan nan yon fidisi nan senk ane ki sot pase yo, ekri sou liy 23 kilè fidisi a te kreye oswa kilè yo te mete lajan an ladan.

PAJ 13 RIVE 15 NAN APLIKASYON AN

SEKSYON 20: ENFÒMASYON MEDIKAL

ENDIKE SI OUMENM OSWA NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU K AP APLIKE epi SI SE WI, KIMOUN:

Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si nenpòt nan sitiyasyon ki site yo konsènen ou oswa nenpòt moun ki abite avèk ou k ap aplike pou asistans, epi si se "WI," ekri non moun chak sitiyasyon aplike pou li a. Asire ou site tout asirans sante ak lopital/aksidan ke ou genyen oswa ki disponib pou nenpòt moun k ap aplike.

GEN BÒDWO MEDIKAL KI PEYE OSWA KI POKO PEYE NAN 3 MWA ANVAN MWA APLIKASYON SA A: Medicaid ka anmezi peye bòdwo medikal pou swen yo te ba w pandan twa mwa yo ki anvan mwa w ap aplike pou èd la. Si ou te deja peye bòdwo a, nou ka anmezi peye ou pou bòdwo a si nou jwenn ou ta kalifye pou Medicaid nan moman an. Nou ka anmezi peye ou menmsi doktè a oswa lòt founisè swen pa aksepte Medicaid, men nou ka peye ou sèlman kantite lajan Medicaid ta va peye epi se sèlman si bòdwo a te pou sèvis ke Medicaid ta va kouvri.

ANSENT: Si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou k ap aplike ansent, ekri sou liy 14 dat ki prevwa pou akouchman an ak kantite timoun yo prevwa ki pral fèt.

CHWA PLAN SANTE: Ranpli seksyon sa a pou nenpòt moun k ap aplike pou Medicaid. Pifò moun ki enskri nan Medicaid pa oblije antre nan yon plan sante swen kontwole sof si yo nan yon kategori egzansyon. Sèvi ak seksyon sa a pou chwazi yon plan sante. Si ou pa konnen ki plan sante ki disponib, mande travayè sosyal ou oswa rele liy Managed Care Medicaid Choice pou bay èd la nan 1-800-505-5678.

NON PLAN W AP ENSKRI LADAN AN: Ekri non plan sante a(yo) kote nenpòt moun k ap aplike pou Medicaid vle enskri. Si ou pa konnen ki sante plan ki disponib pou ou, mande SSD a.

NON FANMI ak PRENON: Ekri non fanmi ak prenon pou chak moun k ap aplike pou Medicaid.

DAT NESANS: Ekri mwa a ak de-chif, jou a ak de-chif, epi ane a ak de-chif pou dat nesans chak moun k ap aplike pou Medicaid.

SÈKS: Ekri "M" pou "Gason" oubyen "F" pou "Fanm" pou endike sèks chak moun k ap aplike pou Medicaid.

ID (KI NAN KAT MEDICAID LA SI W GEN YONN): Si nenpòt moun k ap aplike pou Medicaid gen yon kat Medicaid, ekri nimewo idantifikasyon kat Medicaid la.

SEKIRITE SOSYAL: Ekri Nimewo Sekirite Sosyal pou chak moun k ap aplike pou Medicaid. Si moun nan ansent, bagay sa ochwa.

FOUNISÈ SWEN PRENSIPAL OSWA SANT SANTE (TCHEKE TI KARE A SI SE FOUNISÈ OU KOUNYE A):

Ekri non founisè swen prensipal (sa vle di, pratisyen jeneral oswa doktè fanmi) oubyen sant sante ke nenpòt moun k ap aplike pou Medicaid vle itilize. Si se founisè oswa sant moun nan itilize deja, tcheke (✓) ti kare a. Ou dwe asire ke founisè swen an oswa sant la aksepte Medicaid avan ou resevwa swen medikal.

NON AK # ID OB/GYN (TCHEKE TI KARE A SI SE FOUNISÈ OU KOUNYE A): Si nenpòt moun k ap aplike pou Medicaid bezwen swen ak sèvis obstetrisyen/jinekòlòg (OB/GYN), ekri non OB/GYN ke aplikan an vle itilize. Si aplikan an deja sèvi ak OB /GYN lan, tcheke (✓) ti kare a. Ou dwe asire ke founisè swen an oswa sant la aksepte Medicaid avan ou resevwa swen medikal.

Ou dwe asire ke nenpòt doktè oswa founisè swen medikal aksepte Medicaid avan ou pran swen medikal.

SEKSYON 21: ENFÒMASYON SOU ABRI

Ou pa oblije ranpli seksyon sa a si w ap aplike sèlman pou lòt Sèvis, ki pa Akèy Familyal ak/oswa Asistans Gadri.

KI NON, ADRÈS, AK NIMEWO TELEFÒN MÈT KAY OU AN? Si ou gen yon mèt kay,

ekri non, adrès, ak nimewo telefòn mèt kay ou an.

ÈSKE OUMENM OSWA NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU GEN YON LWAYE, PRÈ IPOTEKÈ OSWA LÒT DEPANS POU ABRI? Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou peye lwaye, yon ipotèk, oswa lòt depans pou abri (pa egzanp, lojman ak manje), epi si se "WI," ekri kantite lajan ou/li peye chak mwa. Si ou gen yon peman ipotèk, ajoute montan taks sou pwopriyete a ak asirans kay la (asirans pou dife ladan tou).

ÈSKE OUMENM OSWA NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU GEN YON BÒDWA CHOF AJ APA AK LWAYE OU OSWA LÒT DEPANS POU ABRI? Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si oumenm

oswa nenpòt moun ki abite avèk ou peye pou bòdwa chofaj apa ak lwaye, ipotèk, oswa lòt depans pou abri, epi si se "WI," ekri kantite lajan ou/li peye chak mwa.

ÈSKE OUMENM OSWA NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU GEN DEPANS ANNAPRE LA YO APA AK LWAYE OU OSWA Lòt DEPANS POU ABRI? Pou liy 1 jiska 8, tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou peye pou nenpòt nan depans ki site yo apa ak lwaye, ipotèk, oswa lòt depans pou abri, epi si se "WI," ekri kantite lajan ou/li peye chak mwa. Pou kesyon sou liy 9 jiska 11, tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun k ap aplike abite nan nenpòt nan aranjman sa yo.

SEKSYON 22: Lòt DEPANS

ENDIKE SI OUMENM OSWA NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU K AP APLIKE epi SI SE WI, MONTAN:

Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou k ap aplike fè nenpòt nan peman ki site yo, oswa si nou gen nenpòt depans ki pa nan lis la, sou liy 1 jiska 6. Idantifye sou liy 6 nenpòt depans pa nan lis la. Pou chak repons "WI", ekri kantite lajan peman oswa depans la epi konbyen fwa nou peye li (pa egzanp, \$100 pa semèn oswa \$100/wk.)

ENDIKE SI OUMENM OSWA NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU K AP APLIKE DWE KAT MWA OMWEN NAN SIPÒ POU YON TIMOUN KI POKO GEN LAJ 21: Tcheke (✓) "Wi" oswa "Non" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou k ap aplike dwe kat mwa oswa piplis nan sipò timoun.

PAJ 16 NAN APLIKASYON AN

SEKSYON 23: Lòt ENFÒMASYON

ÈSKE OU ACHE OSWA OU PREVWA ACHE MANJE NAN LIVREZON ADOMISIL OSWA SÈVIS MANJE KOMINAL? Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun k ap aplike, nou achte oswa nou prevwa achte manje nan sèvis livrezon adomisil (pa Meals on Wheels) oswa sèvis manje kominal (pa egzanp, yon kafeterya nan bilding kote nou abite a).

ÈSKE OU KAPAB KWIT OSWA PREPARE MANJE LAKAY OU? Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si ou gen yon kote nan kay ou kote ou ka kwit manje.

Pou kesyon sou liy 10 jiska 12, "Fòs Lame Ameriken" vle di:

- Lame Ameriken
- Marin Ameriken
- Gad Kot Ameriken
- Kò Marin Ameriken
- Kò Avyasyon Ameriken
- Marin Machann Ameriken pandan Dezyèm Gè Mondyal

ÈSKE OUMENM OSWA NENPÒT MOUN LAKAY OU TE JANM NAN FÒS LAME AMERIKEN? epi se KIMOUN:

Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou te janm nan nenpòt nan branch militè yo ki site anwo a, epi si se "WI," ekri non li.

ÈSKE MARI OSWA MADANM OU TE JANM NAN FÒS LAME AMERIKEN? Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si mari oswa madanm ou te janm nan nenpòt nan branch militè yo ki site anwo a.

ÈSKE NENPÒT MOUN LAKAY OU SE DEPANDAN YON MOUN KI NAN FÒS LAME AMERIKEN OSWA KI TE LADAN? epi se KIMOUN: Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou depann sou plan finans sou yon moun ki nan nenpòt nan branch militè yo ki site anwo a oubyen li te ladan, epi si se "WI," ekri non depandan an.

ÈSKE OUMENM OSWA NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU RESEVWA ASISTANS OSWA SÈVIS KOUNYE A? SI SE WI, KIMOUN; ak KI KALITE ASISTANS: Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou resevwa kounye a Asistans Piblik, Medicaid, benefis Pwogram

Asistans Nitrisyon Siplemanntè (SNAP; ansyen "Koupon pou Achte Manje"), Asistans Gadri, oswa Sèvis. Si

se "WI," ekri non moun nan ak ki kalite asistans li resevwa.

ÈSKE OUMENM OSWA NENPÒT MOUN KI ABITE AVÈK OU TE RESEVWA ASISTANS OSWA SÈVIS LONTAN? SI SE WI, KIMOUN; ak KI KALITE ASISTANS: Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou te konn resevwa Asistans Piblik, Medicaid, benefis SNAP, Asistans Gadri, oswa Sèvis nan tan lontan. Si se "WI," ekri non moun nan ak ki kalite asistans li resevwa.

LÒT ENFÒMASYON (SWIT): Tcheke (✓) "WI" oswa "NON" pou endike si nenpòt nan sitiyasyon ki dekri nèt kesyon k ap vini yo konsènen oumenm oswa nenpòt moun ki abite avèk ou, epi si se "WI," ekri non moun ke sitiyasyon an aplike pou li a. Si ou pa konprann kesyon sa yo, mande SSD ou eksplikasyon. Tanpri n ap fè w remake ke lwa Eta New York prevwa yon amann oswa prizon, oubyen toude, pou yon moun yo jwenn ki koupab nan kache enfòmasyon oswa bay manti pou jwenn benefis Asistans Piblik, Medicaid, SNAP, Asistans Gadri, oswa Sèvis.

KONDISYON TRANSFÈ BYEN: Tcheke (✓) ti kare "Mwen te" oswa "Mwen pa te" yo pou endike si oumenm oswa nenpòt moun k ap aplike te vann, transfere, oswa fè kado nenpòt byen nan bi pou resevwa benefis Asistans Piblik oswa SNAP. Tanpri n ap fè w remake ke lwa Eta New York prevwa yon amann oswa prizon, oubyen toude, pou yon moun yo jwenn ki koupab nan kache enfòmasyon oswa bay manti pou jwenn benefis Asistans Piblik, Medicaid, SNAP, Asistans Gadri, oswa Sèvis.

PAJ 18 RIVE 24 NAN APLIKASYON AN

AVI, TRANSFÈ DWA, OTORIZASYON, AK KONSANTMAN

Li **TOUT** enfòmasyon ki nan seksyon sa a avèk anpil atansyon oswa fè yon moun li seksyon an pou ou. Seksyon sa a gen enfòmasyon enpòtan sou dwa ak responsablite ou genyen nan resevwa asistans, ansanm ak sanksyon ou ka resevwa (pa egzanp, yon amann ak/oswa prizon) si ou pa respekte responsablite ou dapre seksyon sa a. Lè ou siyen epi ou soumèt yon aplikasyon, ou endike ou konprann epi ou dakò ak deklarasyon yo ki nan seksyon sa a.

REPREZANTAN OTORIZE PWOGRAM ASISTANS NITRISYON SIPLEMANNTÈ: Si ou vle pou yon moun aplike pou benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè (SNAP) pou oumenm epi/oswa ou vle pou yon moun ki pa ap viv avèk ou resevwa benefis SNAP yo pou ou epi/oswa sèvi ak yo pou achte manje pou ou, ekri non moun nan, adrès, ak nimewo telefòn li nan espas la. Moun sa a se "Reprezantan Otorize" ou. Reprezantan Otorize a dwe siyen epi mete dat la nan seksyon siyati ki nan fen aplikasyon an. Si moun nan kay ou pa ap viv nan yon enstitisyon, yon manm adilt responsab nan moun kay ou dwe

siyen epi mete dat sou aplikasyon an tou, sòf si kay ou te fè yon lòt jan epi deziyen Reprèzantan Otorize a pou fè sa alekri.

DEWALMAN ENFÒMASYON MEDIKAL: Tcheke (✓) "Pa devwale enfòmasyon VIH/SIDA," "Pa devwale enfòmasyon sou sante mantal," ak/oswa "Pa devwale enfòmasyon sou dwòg ak alkòl" si ou pa dakò pou yo devwale enfòmasyon medikal sa yo konsènan oumenm ak/oswa manm fanmi w k ap aplike jan lalwa otorize sa.

SEKSYON SIYATI: Li seksyon sa a avèk anpil atansyon oswa fè yon moun li seksyon an pou ou. Lwa Eta New York prevwa yon amann oswa prizon, oubyen toude, pou yon moun yo jwenn ki koupab nan kache enfòmasyon oswa bay manti pou jwenn Asistans Piblik, Medicaid, benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman, Asistans Gadri, oswa Sèvis. **Lè ou siyen epi ou soumèt yon aplikasyon, ou endike ou konprann epi ou dakò ak deklarasyon yo ki nan seksyon sa a, e ke tout enfòmasyon ou te bay sou aplikasyon sa a oswa ke ou pral bay SSD a alavni se enfòmasyon ki konplèt e kòrèk selon tout sa w konnen.**

SIYATI APLIKAN AN ak DAT LI SIYEN: Siyen non ou epi ekri dat ou siyen aplikasyon an, sof si ou te deziyen yon Reprèzantan Otorize pou Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP) sou aplikasyon an epi w ap viv nan yon enstitisyon, epi nan ka sa a Reprèzantan Otorize ka siyen epi mete dat aplikasyon an. Si ou pa abite nan yon enstitisyon, ni oumenm ni Reprèzantan Otorize a nou toude dwe siyen epi mete dat sou aplikasyon an, sof si ou te deja deziyen Reprèzantan Otorize SNAP la pou fè sa alekri. Si ou te ranpli fòm aplikasyon an pou yon lòt moun, siyen non pa ou, se pa non moun w ap te aplike pou li a, epi ekri dat ou siyen an.

SIYATI MARI OSWA MADANM OUBYEN REPRÈZANTAN POU PWOTEKSYON ak DAT LI SIYEN: Si ou marye epi w ap aplike pou Asistans Piblik oswa Medicaid, Asistans Gadri, oswa Sèvis, mari/madanm ou dwe siyen epi mete dat aplikasyon an. Si ou marye epi w ap aplike pou benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman sèlman, se sèlman yon moun (mari oswa madanm) ki dwe siyen epi mete dat aplikasyon an. Si ou gen yon Reprèzantan pou Pwoteksyon, moun sa dwe siyen ak mete dat aplikasyon an.

SIYATI REPRÈZANTAN OTORIZE: Si ou te deziyen yon Reprèzantan Otorize pou SNAP sou aplikasyon an, moun sa dwe siyen ak mete dat aplikasyon an.

MWEN DAKÒ POU ANILE APLIKASYON MWEN POU: Pa tcheke ankenn nan ti kare yo, ni pa siyen oswa mete dat nan seksyon sa a, si ou vle soumèt yon aplikasyon. Make seksyon sa a sèlman si ou vle anile aplikasyon ou pou yonn oswa plizyè pwogram. Pou mande anile aplikasyon ou pou yon pwogram, tcheke (✓) ti kare ki akote pwogram nan, epi siyen ak mete dat kote ou gen pou mete yo. Aplikasyon w ap anile sèlman pou pwogram lan(yo) ou tcheke a.

FÒM ENSKRIPSYON ELEKTÈ: De dènye paj yo nan Aplikasyon sa a se yon fòm enskripsyon elektè. Si ou sèvi ak fòm lan pou enskri oswa si ou refize enskri pou vote, sa pa pral gen efè sou desizyon ki pran sou aplikasyon w pou benefis ak/oswa sèvis, ni sou montan asistans ou ka resevwa. Si ou ta bezwen èd pou ranpli fòm enskripsyon elektè a, mande SSD ou.

Pou bay enfòmasyon EGZIYAN POU BAY DOKIMAN

Lis faktè kalifikasyon ak egzijans dokiman annapre a se pou bay enfòmasyon sèlman. SSD ou pral enfòme w ki faktè kalifikasyon w ap gen obligasyon pwouve. Yo ka mande pou ou pwouve lòt faktè kalifikasyon ki pa nan lis anba a. Ou ka anmezi bay dokiman ki pa nan lis anba a pou pwouve kondisyon kalifikasyon sa yo. Si w gen nenpòt kesyon konsènan dokiman yo egzije yo, tanpri kontakte SSD ou.

Faktè Kalifikasyon	Pou pwouve faktè sa a, bay: ✓ ↓ YOU n nan bagay sa yo OSWA	✓ ↓ DE nan bagay sa yo (Si w ap aplike pou Benefis SNAP oswa Medicaid sèlman, ou dwe pote yon fòm sèlman pou chak faktè kalifikasyon ki tcheke.)	Faktè Kalifikasyon	Pou pwouve faktè sa a, bay youn nan sa ki annapre
<input type="checkbox"/> Idantite Ou dwe pwouve kimoun ou ye.	I.D. ki gen foto. Lisans chofè Paspò Ameriken Sètifika Natiralizasyon Dosye Lopital/Doktè Papye adopsyon	Deklarasyon yon lòt moun bay Nimewo Sekirite Sosyal Valab Sètifika Nesans/Batèm	<input type="checkbox"/> Nimewo Sekirite Sosyal (Pou Asistans Piblik, SNAP Benefis ak Medicaid-sèlman, ou pa oblije sèlman, bay prèv Nimewo Sekirite Sosyal ou (SSN) sof si SSN ou bay la pa koresponn ak dosye SSA yo oswa ajans lan pa ka verifie li.)	Kat Sekirite Sosyal Korespondans ofisyèl ki sòti nan SSA Yon Nimewo Sekirite Sosyal pa obligatwa pou moun ki pa-sitwayen k ap chèche jwenn Medicaid pou tretman ijans sèlman oswa yo se aplikan Medicaid-sèlman ki ansent.
<input type="checkbox"/> Eta sivil Ou dwe pwouve si ou marye, divòse, separe, oswa vèf/vèv.	Sètifika Maryaj/Desè Akò pou separasyon Jijman divòs Dosye Sekirite Sosyal Dosye VA	Deklarasyon manm legliz bay Dosye resansman Avi nan journal Deklarasyon yon lòt moun bay	<input type="checkbox"/> Sitwayènte oswa Sitiyasyon Pa-Sitwayen Kounye a - Sitwayen ameriken kalifye for Asistans Piblik, SNAP ak Medicaid. Moun ki pa-sitwayen dwe nan bon kondisyon imigrasyon pou yo kapab kalifye for Asistans Piblik, SNAP oswa Medicaid. Kondisyon imigrasyon pa yon faktè kalifikasyon pou fanm ansent oswa timoun imigran k ap aplike pou Child Health Plus B. Imigran san papye ak moun ki pa-imigran ki la tanporèman kalifye sèlman pou tretman yon pwoblèm medikal ann ijans.	Sètifika nesans Sètifika batèm Dosye lopital Paspò Ameriken Dosye sèvis militè Sètifika natiralizasyon Dokiman USCIS Prèv ki montre ou viv Ozetazini anpèmanans anvan 1 janvyè 1972.
<input type="checkbox"/> Kay kote ou abite Ou dwe pwouve ki kote w ap viv.	Deklarasyon mèt kay Dènye resi lwaye oswa kontra-lwaye Dosye prè ipotekè	Deklarasyon yon lòt moun bay Dènye kourye Dosye lekòl	<input type="checkbox"/> Revni nan Travay Nan travay ak patwon <input type="checkbox"/> Nan travay endepandan <input type="checkbox"/> Revni nan lwaye oswa chanm/pansyon	Dènye souch salè Anviòp peman Nan antèt la, montan touche pa èdtan; èdtan travay pa semèn; dat premye touche, si w nouvo epi nimewo telefòn travay Kontak avèk patwon Dosye biznis Dosye taks Dosye ak dokiman anrapò konsènan revni ak depans travay endepandan Dènye deklarasyon taks sou revni Dènye chèk kontribisyon Deklarasyon lokatè, pansyonè, lokatè Dosye taks sou revni
<input type="checkbox"/> Konpozisyon kay la/Kantite moun ki nan kay la Ou dwe pwouve kimoun k ap viv avèk ou.	Deklarasyon mèt kay ki pa manm fanmi Dosye lekòl	Deklarasyon lòt moun	<input type="checkbox"/> Revni ki pa soti nan travay Sipò pou timoun <input type="checkbox"/> Benefis Asirans Chomaj (UIB) <input type="checkbox"/> Benefis Sekirite Sosyal (tankou SSI) Benefis Veteran	Deklarasyon tribinal ki okipe zafè fanmi Deklarasyon yon moun ki peye sipò Souch chèk Dènye sètifika desizyon pou akòde Dènye chèk benefis Korespondans ofisyèl avèk Depatman Travay Eta New York Dènye sètifika desizyon pou akòde Dènye chèk benefis Korespondans ofisyèl ki sòti nan SSA Dènye sètifika desizyon pou akòde Dènye chèk benefis Korespondans Ofisyèl ki sòti nan VA
<input type="checkbox"/> Laj Ou dwe pwouve laj chak moun k ap aplike pou asistans, lè li apwopriye.	Sètifika nesans Sètifika batèm Dosye lopital Dosye adopsyon Sètifika natiralizasyon Lisans chofè	Kontra Asirans Dosye resansman Dosye lekòl Deklarasyon yon lòt moun bay Deklarasyon doktè Korespondans ofisyèl ki sòti nan SSA	<input type="checkbox"/> Paran ki absan Si paran nenpòt timoun nan kay ou pa ap viv ak ou, ou dwe pwouve sa a	
<input type="checkbox"/> Enfòmasyon sou Paran ki Absan Ou dwe bay tout enfòmasyon ou genyen: non, adrès, Nimewo Sekirite Sosyal, dat nesans, travay	Souch Peman Deklarasyon n taks Dosye Sekirite Sosyal oswa VA Lèt detèminasyon lajan Kat ID (asirans sante) Lisans chofè oswa anrejistremant	Avi nan journal Dosye konpayi asirans Dosye enstitisyon Dosye nan ajans ak dosye peman pou antèmman Deklarasyon yon lòt moun bay		

Faktè Kalifikasyon	Pou pwouve faktè sa a, bay youn nan sa ki annapre yo:	Faktè Kalifikasyon	Pou pwouve faktè sa a, bay youn nan sa ki annapre yo:
<input type="checkbox"/> Revni ki pa soti nan travay (swit) <input type="checkbox"/> Konpansasyon Travayè <input type="checkbox"/> Sibvansyon ak prè pou edikasyon <input type="checkbox"/> Enterè/dividann/pousantaj revni <input type="checkbox"/> Pansyon prive/anwite <input type="checkbox"/> Lòt	<p>Lèt Desizyon pou akòde Souch chèk</p> <p>Deklarasyon lekòl bay Etadkont labank Lèt desizyon pou akòde</p> <p>Etadkont labank oswa kredi inyon Deklarasyon koutye/ajan bay</p> <p>Dènye lèt desizyon pou akòde Dènye chèk benefis Korespondans ofisyèl ki sòti nan sous revni</p>	<input type="checkbox"/> Lòt _____ <input type="checkbox"/> Depans pou Abri Ou dwe pwouve konbyen sa te koute ou pou viv kote ou ye (Ou ka gen pou bay dokiman apa pou chak atik nan depans pou abri.) Medicaid pa mande dokiman sou depans pou abri.	Dènye resi lwaye Dènye kontra-lwaye Liv peman/dosye prè ipotèkè Dosye taks pwopriyete ak lekòl Deklarasyon mèt kay Bòdwo dlo ize ak dlo Dosye asirans pwopriyete kay Bòdwo gaz Bòdwo sèvis piblik ki pa chofaj Bòdwo telefòn
		<input type="checkbox"/> Bòdwo Medikal	Kopi bòdwo medikal (sa ki peye ak sa ki pa peye)
		<input type="checkbox"/> Asirans Sante Si oumenm oswa nenpòt moun k ap aplike gen asirans sante (menmsi se yon lòt moun ki peye pou li), ou dwe pwouve sa a.	Kontra Asirans Kat asirans Deklarasyon founisè asirans Kat Medicare
	<input type="checkbox"/> Resous Deklarasyon ki soti nan kay la Deklarasyon ki soti nan etablisman swen enfimye	<input type="checkbox"/> Andikape/Enfim /Ansent Si oumenm oswa nenpòt moun k ap viv avèk ou malad oswa ansent, ou dwe bay prèv.	Deklarasyon pwofesyonèl medikal pou verifye gwosès ak dat ki prevwa pou akouchman Deklarasyon pwofesyonèl medikal Prèv benefis SSA oswa SSI pou andikape ak moun ki avèg
<input type="checkbox"/> Kont labank yo: kont kouran, kont-depay, retrèt (IRA ak Keogh)	Dènye dosye labank Dènye dosye kredi inyon	<input type="checkbox"/> Bòdwo ki poko peye Lwaye, sèvis piblik	Kopi chak bòdwo ki montre kantite lajan ou dwe, peryòd sèvis yo epi founisè a
<input type="checkbox"/> Aksyon, obligasyon, sètifika	Sètifika aksyon Obligasyon Etadkont ki soti nan enstitisyon finansye	<input type="checkbox"/> Referans Pwogram Tretman pou Dwòg/Alkòl <input type="checkbox"/> Sèvis Travay	Deklarasyon founisè Tretman Deklarasyon ki soti nan sèvis travay
<input type="checkbox"/> Asirans-Vi	Kontra Asirans Deklarasyon konpayi asirans	<input type="checkbox"/> Lòt depans/ Depans pou Swen Depandan Ou dwe bay prèv si ou peye sipò dapre yon lòd tribinal, gadri, prè renouvelab, oswa pou sèvis yon èd familyal oswa gad malad.	Lòd tribinal Deklarasyon sant gadri oswa lòt founisè sèvis gadri Deklarasyon èd familyal oswa gad malad Chèk oswa resi anile
<input type="checkbox"/> Fidisi oswa fon pou antèman tonm oswa akò finerya	Dosye labank Kontra pou antere Papye tonm Deklarasyon direktè ponp finèb	<input type="checkbox"/> Prezans nan Lekòl Ou dwe pwouve kimoun ki nan lekòl	Dosye lekòl (dènye kanè) Deklarasyon ki soti nan lekòl/ oswa Enstitisyon Edikasyon Siperyè
<input type="checkbox"/> Ranbousman taks sou revni oswa kredi taks sou revni ou reyalize (EITC)	Ranbousman Taks Deklarasyon biwo taks	<input type="checkbox"/> Lòt:	
<input type="checkbox"/> Byen imobilye ki diferan avèk Kay kote ou abite	Papye pwopriyete Deklarasyon koutye byen imobilye Estimasyon/estimasyon dènye valè koutye fè		
<input type="checkbox"/> Veyikil amotè	Anrejistremant (ansyen modèl) Tit pwopriyete Estimasyon dilè fè sou dènye valè Done sou finans		
<input type="checkbox"/> Peman an yon sèl vèsman	Deklarasyon nan sous peman		